


Collier County Government



Growth Management Department
Zoning Division
2800 N. Horseshoe Drive
Naples, Florida 34104

Contact: Connie Deane
Community Liaison
239-252-8365
colliercountyfl.gov
twitter.com/CollierPIO
facebook.com/CollierGov
youtube.com/CollierGov

2 Septanm, 2021

POU LAGE IMEDYA

Komisyon Konte Collier Distri Redekoupaj ak Done Resansman Mete Ajou

Chak dis an, Biwo Resansman nan Etazini (U.S. Census Bureau) bay konbyen popilasyon an ye, epi Konte Collier itilize done sa pou yo retrase limit distri Komisyon Konte an, ak yon pwosesis ki rele “redekoupaj”. Konte Collier gen senk distri Komisyon. Se moun ki rete nan chak distriki vote yon Komisè Konte pou reprezante yo nan Konsèy Komisè Konte a. Objektif redekoupaj la se pou modifeye limit yo pou ka genyen jis distribisyon popilasyon an, nan senk distri yo.

Done popilasyon 2020 yo oblije akonpli redistriktirasyon yo te pibliye nan Biwo Resansman Etazini (U.S. Census Bureau) an Out 12, 2021. Biwo Resansman an ap bay menm done sa sou yon fòm ki pi fasil pou itilize rive nan dat 30 septanm 2021. Pèsonèl Konte Collier pral imedyatman analize done sou popilasyon an epi trase [omwen] twa kat ak altènatif distri yo.

Yon seri atelye piblik pral fèt nan mwa novanm pou yon revizyon ak kòmantè piblik la sou kat altènatif distri yo pou etabli nouvo limit distri Komisyon Konte a an akò ak chapit 124, Lwa Florid yo, ak Konstitisyon Florid la. Apre revizyon ak kòmantè piblik la, Konsèy Komisè Konte a ap konsidere epi adopte dènye limit distri ki ajou yo nan mwa desanm 2021.

Dat rankont yo ak enfòmasyon ki gen rapò ak pwosesis redekoupaj Konte Collier a pral afiche sou <https://www.colliercountyfl.gov/your-government/divisions-s-z/zoning-division/2021-collier-county-bcc-redistricting-information>. Pou plis enfòmasyon, kontakte David Weeks, AICP, 2800 North Horseshoe Drive, Naples, Florida, 34104 oswa sou nimewo telefòn 239-252-2305 oswa sou imèl nan david.weeks@colliercountyfl.gov.

###